



**Konsepsyon Pwogram Reyachte
Kay Volontè a**



Istwa Revizyon

Dat	Otè	Vèsyon	Referans Chanjman
01/04/19	Christy Tate	0	Vèsyon Inisyal
15/4/2019	Joshua Bradt	1	Yo mande revizyon yo
25/4/2019	Christy Tate	2	Yo konplete revizyon yo
25/9/2019	Joshua Bradt	3	Demann pou ajoute 10 milyon dola yo atribiye pou Konte Monroe a nan kad Plan Daksyon an, fè revizyon nan kalandriye delè a paske peryòd aplikasyon an te soti 1ye Out rive 1ye Oktòb, epi ajoute adrès ak sitwèb pou yo soumèt aplikasyon an
30/09/2019	Christy Tate	4	Yo konplete revizyon yo



Tab Dèmatyè

Istwa Revizyon	i
Tab Dèmatyè	ii
Entwodiksyon	1
Pwogram Reyachte Kay Volontè a	1
Plan Daksyon	1
Objektif	2
Objektif Nasyonal	2
Satisfè Objektif Nasyonal la	2
Peryòd Sansibilizasyon	3
Kalandriye	3
Pati 1 - Konsepsyon Pwogram Reyachte Kay Volontè a	4
Aplikasyon Sou-Benefisyè a	4
Notasyon Aplikasyon Sou-Benefisyè yo ak Metodoloji Kalkil Prim lan	5
Kritè Notasyon yo	5
Metodoloji	6
Detèminasyon Prim lan	6
Metodoloji Prim lan	6
Responsablite Sou-Benefisyè a yo	6
Responsablite yo	6
Konfli Enterè	8
Fichye, Dosye, ak Rapò yo	8
Egzijans Apwovizyonman yo	9
Dwa Sivil yo	9
Opòtinite Egal Ego pou Travay	10
Seksyon 3	10
Dosye Piblik yo	11
Fwòd, Gaspiyaj, ak Abi.	11
Pati 2 - Egzijans yo pou Benefisyè Pwogram Reyachte Kay Volontè a	12
Elaborasyon Aplikasyon an	12
Fòmilè Aplikasyon ak Egzijans Elijiblite yo	12
Konsiltasyon Pèsonèl	13
Revni Medyan Fanmi Zòn lan	13
Revizyon Tit Pwopriyete	13



Verifikasyon Taks	13
Avantaj Doub yo	13
Elijibilite Sit la	13
Enspeksyon Dega.....	13
Revizyon anviwònmantal yo	14
Plent yo	14
Apèl Rekou yo	14
Tablo Enfòmasyon sou Bidjè a.....	A-1
Kalandriye Pwojè a	A-1
Dyagram Revni Medyan Fanmi Zòn lan	2
Appendix A: Demonstrasyon Metodoloji Kalkil Prim lan.....	A-1
Egzanp 1 - Sèlman Lè y ap Reyachte:	A-1
Egzanp 2 - Lè y ap Reyachte ak Asistans pou Ranplasman Lojman:	A-1

Entwodiksyon

Dokiman sa gen ladan konsepsyon pwogram pou Pwogram Reyachte Kay Volontè nan kad Sibvansyon pou Devlopman Kominotè - Rekiperasyon aprè Kataswòf (CDBG-DR) Depatman Opòtinite Ekonomik lan (DEO). Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) ap finanse Biwo Rekiperasyon Aprè Kataswòf, Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (CDBG-DR) dapre Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo. DEO se ajans ki responsab pou administre fon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo atribiye pou aktivite lojman, devlopman ekonomik, ak enfrastrikti yo. DEO ap administre Pwogram Reyachte Kay Volontè Pwogram Rekonstwi Florid la. DEO se yon benefisyè HUD ki responsab pou l administre finansman ki gen rapò ak rekiperasyon aprè Ouragan Irma. DEO te kreye Pwogram Reyachte Kay Volontè a kòm yon eleman nan plan rekiperasyon an. "Reyachte" refere a acha pwopriyete ki sitiye nan yon wout inondasyon oswa plèn inondab nan entansyon pou yo redui risk pou gen inondasyon alavni.

Pwogram Reyachte Kay Volontè Rekonstwi Florid la pral ofri jiridiksyon lokal yo opòtinite pou yo administre yon pwogram reyachte kay onivo lokal pa mwayen yon sezon aplikasyon konpetitif. Yo te konsewva Pwogram Reyachte Kay Volontè a pou ede mèt pwopriyete yo demenaje soti kite zòn inondasyon menase yo. Vandè a dwe anndan yon Zòn Ki Gen Risk Inondasyon Espesyal (SFHA) oswa lòt zòn ki gen anpil risk inondasyon yo. Tout vandè pwopriyete yo dwe vle, patisipe volontèman, epi yo estriktèman entèdi dwa preyanpsyon (gouvènman pa ka sezi pwopriyete a). Yo pral dedye epi mentni a vi pou yon itilizasyon ki konpatib ak pratik jesyon espas lib, lwazi, oswa plèn inondab, ak marekaj yo, nenpòt pwopriyete yo achte, aksepte, oswa nenpòt pwopriyete ke yo pral retire yon estrikti ladan annakò ak pwojè reyachte a.

Sou-Benefisyè yo dwe devlope epi reyalize pwojè ki konfòm ak *Plan Daksyon pou Rekiperasyon Aprè Kataswòf 2018 la (Plan Daksyon)*, tout modifikasyon yo ki nan *Plan Daksyon an*, Avi Rejis Federal ki dirije l yo (6066-N-01, 6109-N-01, ak nenpòt lòt avi ki vini apre yo), Konsepsyon Pwogram Reyachte Kay Volontè Pwogram Rekonstwi Florid la, Direktiv Pwogram Reyachte Kay Volontè a yo, ak règ ak règleman federal, eta ak lokal ki aplikab yo.

Pwogram Reyachte Kay Volontè a

Plan Daksyon

Nan dat 10 septanm 2017, Ouragan Irma te touche tè kote l te pote mare tanpèt nan zòn kotyè yo. Kèk konte yo te wè mare tanpèt ki depase 15 pye. Akoz debòdman dlo dous yo, inondasyon te kontinye inonde pwopriyete ki ba yo pandan kèk jou apre Ouragan Irma te fin ateri. Sa a te lakoz anpil gwo dega inondasyon soti nan mitan zile Florida Keys yo rive nan mitan Eta a.

Objektif Pwogram Reyachte Kay Volontè a se pou reyisi revitalize zòn ki te afekte yo lè yo redui risk pou gen inondasyon alavni pa mwayen transfòmasyon pwopriyete yo pou yo vin itilize yo kòm espas lib, espas lwazi, oswa plèn inondab, ak marekaj pandan y ap kenbe menm baz taks la. Pou ede kenbe menm baz taks la, pwogram sa a pral ede fwaye ki gen revni fèb ak modere Ouragan Irma te afekte yo lè yo ofri Prim Sibvansyon pou Ranplasman Lojman yo bay vandè ki se pwopriyete epi ki t ap viv nan pwopriyete yo nan moman katastwòf la.

Tout konte ak minisipalite ki nan konte sa yo ki te resewva yon deklarasyon alafwa pou Asistans Endividyèl (FEMA IA) ansanm ak Asistans Piblik (PA) nan kad Asistans pou Kataswòf Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan apre Ouragan Irma a, elijib pou yo aplike pou asistans pou pwopriyete ki pa pwopriyete komèsyal yo, ki gen ladan estrikti mèt yo ap viv ladan yo, ak pwopriyete rezidansyèl yo ak tèren vid yo. Gouvènman lokal yo pral gen de (2) opsyon finansman potansyèl nan pwogram sa a. Premye opsyon an se pou yo sèvi ak fon CDBG-DR kòm fon korespondan pou pwojè yo ki elijib tou pou Pwogram Sibvansyon pou Rediksyon Danje a (HMGP). Dezyèm opsyon an se pou yo aplike dirèkteman nan pwogram Reskontwi Florid la kòm yon sou-benefisyè pou Pwogram Reyachte Kay Volontè a, k ap



konsantr sou fwaye ki gen revni fèb ak modere yo ki pa te gen asirans inondasyon nan moman Ouragan Irma te frape a.

Yo te atribiye \$75 000 000 ototal pou aktivite pwogram Reyachte Kay Volontè a, kote montan maksimòm prim sibvansyon yo p ap depase \$5 000 000 eksepte pou Konte Monroe ki gen \$10 000 000. Yo dwe itilize senkant pousan nan tout prim sibvansyon CDBG-DR la nèt nan fason ki nan avantaj moun ki gen revni fèb ak modere yo, pandan y ap asire ke yo itilize pwopriyete yo achte atravè pwogram reyachte kay la nan yon fason k ap nan avantaj tout rezidan nan yon zòn kote omwen 51% nan rezidan yo se moun ki gen revni fèb ak modere. Sa a nesèsè pou yo ka atenn Objektif Nasyonal la.

Objektif

Pwogram Reyachte Kay sa a idantifye epi sible zòn ki te pi afekte ki gen bezwen ke gouvènman lokal yo poko ka satisfè ki gen ladan tout konte, vil, ak minisipalite Ouragan Irma te afekte yo. Gouvènman lokal sa yo pral aplike pou asistans kòm sou-benefisyè nan kad Pwogram Reyachte Kay Volontè a. Pou sou-benefisyè yo satisfè Objektif Nasyonal la yo dwe bay yon plan byen klè alafwa pou zòn y ap reyachte a epi fason yo konte itilize zòn lan ap satisfè bezwen kominote yo genyen pou espas piblik epi ede nan kad reyenstalasyon mèt kay ki aplike yo lè yo ofri yo Asistans pou Ranplasman Lojman an.

Objektif Nasyonal

Pwogram Reyachte Kay Volontè a pral satisfè egzijans Objektif Nasyonal Avantaj Zòn ki Gen Revni Fèb ak Modere a (LMI) ak Lojman pou Moun ki Gen Revni Fèb ak Modere a (LMH). Pou satisfè Avantaj Zòn LMI an, yo pral itilize pwopriyete yo achte atravè pwogram reyachte kay la nan yon fason k ap nan avantaj tout rezidan nan yon zòn kote omwen 51 pousan nan rezidan yo se moun ki gen revni fèb ak modere. Pou satisfè Objektif Nasyonal LMH la, fwaye yo ede yo dwe LMI epi yo dwe ap viv nan lojman ranplasman an. Viv nan lojman ranplasman an vle di ke y ap bay fon CDBG-DR yo pou yon aktivite elijib k ap nan avantaj LMH la lè yo sipòte demenajman yo soti kite zòn ki gen anpil risk yo.

Satisfè Objektif Nasyonal la

Lè w ap antreprann yon aktivite reyachte epi pou w demontre ke yon pwojè reyachte satisfè Objektif Nasyonal LMH la, epi konfòmman ak règleman CDBG Eta a yo ki nan 24 CFR 570.483(b)(3), règleman prestasyon gouvènmanantal CDBG yo ki nan 24 CFR 570.208 aplike Objektif Nasyonal LMH la pou aktivite elijib k ap reyalize nan bi pou bay oswa amelyore estrikti rezidansyèl pèmanan ke, apre l fini, se fwaye ki gen revni fèb ak modere ki pral viv ladan. Kidonk, yon pwogram reyachte ki sèlman peye pwopriyete kay yo pou yo kite kay kote yo rete a pap fè pati yon fwaye ki gen revni fèb ak modere k ap viv nan yon estrikti rezidansyèl epi, nan konsa, yo pap ka satisfè egzijans Objektif Nasyonal LMH la.

Si yon sou-benefisyè chwazi reyachte fwaye ki gen revni fèb ak modere yo, yo ka estriktire pwosesis reyachte a nan youn nan fason ki annapre yo pou yo ka satisfè Objektif Nasyonal la:

Sou-benefisyè a dwe melanje acha pwopriyete yo ak yon lòt avantaj dirèk, tankou pwogram asistans ak alokasyon pou ranplasman lojman ke pwogram Rekonstwi Florid la te tabli kòm yon ensitasyon pou pwomouvwa Pwogram Reyachte Kay Volontè a, oswa

Sou-benefisyè a dwe satisfè kritè avantaj zòn ki gen revni fèb ak modere a, a kondisyon ke sou-benefisyè a ka dokimante ke yo pral itilize pwopriyete yo achte atravè pwogram reyachte a nan yon fason k ap nan avantaj tout rezidan nan yon zòn kote omwen 51 pousan nan rezidan yo se moun ki gen revni fèb ak modere. Lè y ap itilize apwòch sa a, sou-benefisyè a dwe defini zòn sèvis la baze sou fason yo konte itilize pwopriyete yo reyachte a lè pwosesis la fini.

Peryòd Sansibilizasyon

Li obligatwa pou chak sou-benefisyè egzekite yon Plan Sansibilizasyon ki baze sou Evalyasyon Bezwen yo. Avan yo lanse peryòd aplikasyon an, tout sou-benefisyè yo dwe òganize omwen de (2) rankont piblik k ap bay popilasyon an yon opòtinite rezonab pou yo patisipe. Rankont piblik yo dwe bay detay sou done presi konsènan pwojè yo pwopoze yo. Yo ankouranje sou-benefisyè yo kontakte mèl kay yo pa mwayen anons y ap fè nan laprès, sou rezo sosyal, ak sou sitwèb yo pou zòn ki afekte yo, elatriye. Pwogram Rekonstwi Florid la pral siveye aktivite sansibilizasyon sou-benefisyè yo pou yo verifye ke yo te itilize pratik piblisite afimativ yo. Pwosesis sansibilizasyon an pral ede sou-benefisyè a kolekte enfòmasyon pou sipòte opsyon konsepsyon pwogram lan yo ki pi byen adapte pou bezwen kominote a yo. Done chak rankont sansibilizasyon dwe abòde yo gen ladan men pa sèlman:

Done sou istwa inondasyon ki pral gen ladan kat jewografik ki demontre anplè ak degre dega katastwòf yo tank tan ap pase;

Eksplike depans yo ak depans k ap fèt alavni akòz katastwòf ki lye ak van, inondasyon, ak mare tanpèt yo;

Demontre depans pou kouvèti asirans inondasyon alavni;

Reponn a bezwen ak enkyetid pwopriyete rezidansyèl yo, pwopriyete ki pa rezidansyèl yo, ak lokatè yo;

Prezante avantaj ki genyen lè yo reyachte pwopriyete yo ak avantaj reyenstalasyon genyen nan zòn siblè yo; epi

Bay mèl kay yo enfòmasyon sou kisa yo pral egzije pou yo konplete pwosesis aplikasyon an.

Kalandriye

DEO responsab pou yo elabore ak antretni tout Repatisyon Orè Travay (WBS) Aktivite Lojman yo ki gen rapò ak Ouragan Irma a, ki gen ladan Pwogram Reyachte Kay Volontè a. IEM pral sipòte Pwogram Reyachte Kay Volontè Rekonstwi Florid la nan kad elaborasyon pwogramatik WBS la lè yo bay konsepsyon apwofondi nan etap enpòtan ki nesès pou lansman, livrezon, ak fèmti pwogram lan. Ajans patnè yo oswa sou-benefisyè yo pral responsab pou yo elabore yon kalandriye pou reyalizasyon pwojè a kòm yon eleman nan kad pwosesis aplikasyon an.

Aktyèlman la, kalandriye pwogramatik global pou aktivite yo nan kad Pwogram Reyachte Kay Volontè a repati nan fason ki annapre a:

1ye Fevriye 2019–1ye Avril 2019: Elabore Règleman ak Konsepsyon Pwogram lan.

2 Avril 2019–31 Me 2019: Elabore epi Finalize Akò Sou-Benefisyè a, Kritè Notasyon yo, ak Lèt Oktwa Prim lan.

1ye Me 2019– 31 Jiyè 2019: Elabore Demann pou Aplikasyon an.

1 Out 2019–1 Oktòb 2019: Peryòd Admisyon Aplikasyon Sou-Benefisyè a.

2 Oktòb 2019–31 Oktòb 2019: Notasyon ak Oktwa Prim pou Aplikasyon Sou-Benefisyè a.

1ye Novanm 2019–31 Desanm 2019: Egzekisyon Akò Sou-Benefisyè yo.

1ye Janvyè 2020–1ye Janvyè 2021: Pwosesis Reyachte a Ap Fèt.



Pati 1 - Konsepsyon Pwogram Reyachte Kay Volontè a

Aplikasyon Sou-Benefisyè a

Demann pou Aplikasyon yo nan kad Pwogram Reyachte Kay Volontè a pral ouvri 1ye out 2019, epi l ap rete ouvri pandan yon peryòd admisyon k ap dire 60 jou ominimòm. Ka gen sèlman yon aplikasyon pou chak ajans oswa antite k ap reponn. Y ap anonse nenpòt pwolonjman yo fè nan peryòd admisyon aplikasyon an apre 60 jou a sou sitwèb pwogram Rekonstwi Florid la nan www.rebuildflorida.gov.

Yon òganizasyon ka aplike pou finansman sou-benefisyè pou yo reyalize Pwogram Reyachte Kay Volontè a lè yo reponn a yon Demann pou Aplikasyon yo te anonse sou entènèt nan www.RebuildFlorida.gov. Yo dwe enprime, ranpli, epi voye aplikasyon yo bay:

DEO Office of Disaster Recovery 107 E. Madison Street, Caldwell Building, MSC 160

Oswa pa mwayen elektwonik bay cdbg-dr@deo.myflorida.com

Yo pwograme pou sezon aplikasyon an kòmanse 1ye out 2019, epi l ap fini 1ye oktòb 2019. Sou-Benefisyè a pral gen 60 jou pou yo ranpli aplikasyon an. Yo dwe voye tout aplikasyon yo ansanm ak dokiman ki annapre yo:

Yon Aplikasyon pou Asistans Federal SF-424, Nimewo OMB: 4040-004, Dat Ekspirasyon: 31/10/2019; SF424-2-1-V2.1; yo ranpli ak siyen;

Fòmilè Akseptasyon Volontè a ke tout mèt pwopriyete a yo k ap patisipe nan pwogram lan siyen;

Yon Deklarasyon Finansyè Anyèl, pou bay deklarasyon finansyè ki pi resan yo prepare konfòmman ak 2 CFR 200.510 epi ki gen ladan yon lis tout depans ak lis tout konklizyon ak depans ki konteste yo;

Bay non ak enfòmasyon kontak anplwaye ki pral responsab pou fè sipèvizyon aplikasyon an, kontra potansyèl la, ak egzijans aplikab yo onivo lokal; epi

Bay politik ak pwosedi sou acha lokal yo, ansanm ak lòt dokiman obligatwa yo, si sa aplikab.

Anplis de dokiman obligatwa y ap bezwen bay yo, aplikan sou-benefisyè a dwe prè epi li dwe vle bay enfòmasyon ki annapre yo:

Plan Patipasyon Sitwayen an: Prezante yon lis tout opòtinite kote yo te bay sitwayen yo chans patisipe nan detèminasyon bezwen sa yo (odyans piblik, rankont kominotè, sondaj, elatriye).

Evalyasyon Bezwen Kominote a yo: Prezante yon lis koz dega, kondisyon aktyèl aktivite yo, ak deskripsyon pwojè a an tout detay ki kowenside ak kondisyon presi ki gen rapò ak inondasyon ak siklòn ki te lakoz dega dirèk (dat ak dire), epi enpak yo gen sou kominote a ki te rive akoz dega ki gen rapò ak katastwòf la, yon repatisyon zòn yo idantifye kòm zòn Anpil Risk FEMA yo pou gen ladan wout inondasyon yo.

Mete lis materyèl yo soumèt kòm dokiman sipò pou kondisyon ki lye a Ouragan Irma a yo.

Decri fason aktivite yo pwopoze yo pral abòde dega Ouragan Irma a te afekte yo.

Bay yon analiz sou kategori revni fwaye ki nan zòn ki gen revni fèb ak modere (LMI) ke katastwòf la te afekte yo, jan Reklamasyon FEMA oswa lòt done DEO apwouve yo montre kòm prè, repati selon:

0%–30% AMI, revni trè fèb.

31%–50% AMI, revni fèb.

51%–80% AMI, revni modere.

Bay enfòmasyon global sou bidjè a pou gen ladan FMV ak lòt depans elijib anplis. Gade nan Anèks A pou w jwenn yon tablo kòm egzanj enfòmasyon sa a.



Bay yon kalandriye pou pwojè a ki montre delè a pa depase 24 mwa apre egzekisyon kontra ant sou-benefisyè a ak DEO. Gade nan Anèks B a pou w jwenn yon egzanp kalandriye sa a.

Si w ap rantabilize fon yo nan yon pwogram fon korespondan pou HMGP, bay kantite finansman an ak yon deskripsyon itilizasyon fon yo.

Prepare w pou w reponn kesyon ki annapre yo:

Èske asistans lan pral egzije aktivite reyenstalasyon k ap mande pou yo konfòm a Lwa sou Asistans pou Reyentalasyon Inifòm lan (URA)?

Kòman yo pral itilize pwopriyete a lè l fini?

Konbyen moun k ap viv nan fwaye a ki gen 62 zan oswa plis, epi/mwens ke 18 tan?

Konbyen moun k ap viv nan fwaye a ki gen andikape, envalid, oswa ki gen bezwen espesyal yo?

Èske gen nenpòt fanm ki se chèf fwaye yo, oswa chèf fwaye ki andikape?

Notasyon Aplikasyon Sou-Benefisyè yo ak Metodoloji Kalkil Prim lan

Kritè Notasyon yo

DEO pral note tout aplikasyon sou-benefisyè a soumèt yo pa mwayen yon pwosesis ki itilize yon metòd notasyon. Chak sou-benefisyè ka resevwa yon nòt 55 pwen omaksimòm pou chak fwaye plis 15 pwen bonis adisyonèl paske yo te soumèt aplikasyon an bonè, ak paske yo fin ranpli aplikasyon an nèt. Metòd notasyon an pral jan yo dekri annapre a:

Avantaj pou fwaye ki gen revni fèb ak modere yo—20 pwen omaksimòm lè yo ajoute tout nòt yo:

Fwaye ki gen revni fèb ak modere yo: 5 pwen

Fwaye ki gen revni fèb ak modere yo ki gen nenpòt moun ki gen 62 zan oswa plis k ap viv ladan: 5 pwen.

Fwaye ki gen revni fèb ak modere yo ki gen nenpòt moun ki gen mwens ke 18 tan k ap viv ladan: 5 pwen.

Fwaye ki gen revni fèb ak modere yo ki gen nenpòt moun ki andikape, envalid, oswa ki gen bezwen espesyal yo: 5 pwen

Gade nan Anèks C pou w jwenn enfòmasyon ki fè referans a Revni Medyan Zòn Fwaye a ki pi resan.

Fwaye ki gen revni fèb ak modere ki pa te gen asirans inondasyon nan moman katastwòf la te frape a: 10 pwen.

Kontribisyon korespondan yo—25 pwen omaksimòm lè yo ajoute tout pwen yo:

Efò pou rantabilize finansman avèk HMGP: Y ap akòde 10 pwen omaksimòm baze sou efò aplikan fè pou l sekirize finansman nan men HMGP nan kad pwogram korespondan yo te ofri kòm premye opsyon nan Pwogram Reyachte Kay Volontè a.

Korespondan: Y ap akòde 15 pwen omaksimòm baze sou rapò montan fon korespondan ki elijib yo sou demann montan fon CDBG yo: 1,1 oswa plis, 15 pwen; 0,75–1, 10 pwen; 0,50–1, 7 pwen; 0,25–1, 5 pwen; mwens ke 0,25, 0 pwen.

Aplikasyon yo soumèt 10 jou avan delè limit lan: 10 pwen—aplikasyon an dwe konplè nèt. *Yon aplikasyon ki enkonplè p ap resevwa 10 pwen sa yo.*

Aplikasyon ki konplè: 5 pwen omaksimòm—aplikasyon yo pral resevwa jiska 5 pwen bonis baze sou si aplikasyon an konplè. *Yo p ap konsidere aplikasyon ke yo pa siyen yo.*



Metodoloji

Detèminasyon Prim lan

Sou-Benefisyè yo pral itilize metodoloji Lojman Ekitab la pou tout aplikan yo ki te posede pwopriyete nan moman Ouragan Irma te frape a. Patisipe ki se mèt pwopriyete elijib yo nan moman Ouragan Irma te frape a pral resevwa yon òf pou yo achte pwopriyete a mwens nenpòt avantaj doub yo (DOB).

Patisipan ki te achte pwopriyete elijib apre Ouragan Irma te frape a pral resevwa yon òf ki limite a pri pwopriyete a te peye pou pwopriyete a, ki pa dwe plis pase Pri Jis Pwopriyete a te Koute sou Mache a avan evènman an. Si yo te fè reparasyon nan pwopriyete a, y ap ajoute resi reparasyon ki elijib yo sou pri akizisyon apre katastwòf la.

Y ap retire dediksyon DOB yo nan òf dacha si yon FMV avan evènman te detèmine òf la avan Ouragan Irma te frape. Lè pri yo achte pwopriyete a nan yon pri ki plis pase FMV aktyèl la, y ap konsidere sa a kòm asistans pou vandè a, kidonk sa ap rann vandè a vin yon benefisyè asistans CDBG-DR. Toutfw, yo p ap konsidere pwopriyete yo ki te achte pwopriyete apre Ouragan Irma a ki resevwa yon pri dacha ki egal oswa mwens pase FMV aktyèl la kòm yon benefisyè asistans CDBG-DR, epi kidonk, yo pa egzije retire okenn DOB. Kèlkeswa pri yo te achte pwopriyete a, tout aktivite kote y ap reyachte yo se yon sòt akizisyon pwopriyete imobilye jan 42 U.S.C 5305(a)(1) an preskri.

Metodoloji Prim lan

Y ap itilize metòd ki annapre yo pou yo kalkile DOB yo:

HMGP: FEMA achte pwopriyete inondasyon te andomaje yo nan pri jis pwopriyete a koute sou mache a (FMV) Yo konsewa HMGP pou l resevwa yon Pataj Depans Fon Federal 75% avek Pataj Depans ki pa Resevwa Fon Federal k ap 25%, oswa yon Pataj Depans Fon Federal 90% avèk yon Pataj Depans ki pa Resevwa Fon Federal k ap 10% FEMA ap bay. Pwogram Reyachte Kay Volontè a pral koresponn Pataj Depans ki pa Resevwa Fon Federal HMGP a. Metodoloji HMGP itilize pou DOB a prèske menm jan ak metodoloji CDBG-DR la eksepte metòd kalkil prim HMGP yo pa konsidere ranplasman lojman kòm yon DOB.

Pwogram Reyachte Kay Volontè Rekonstwi Florid la: Pwogram sa a pral limite prim lan baze sou pri jis pwopriyete a te koute avan katastwòf la pou tout vandè ki posede pwopriyete a nan moman Ouragan Irma te frape a; kidonk, sa ap fè aplikan vin yon benefisyè pwogram lan. Y ap pran tout DOB yo nan montan yo te ofri vandè a pou yo achte pwopriyete a nan men l lan.

Asistans pou Ranplasman Lojman: Pwogram sa a pral akòde jiska \$25 000 anplis montan FMV y ap reyachte a pou aplikan ki gen revni elijib y ap reyachte nan men yo ki gen yon revni fwaye ki 80% oswa mwens pase AMI an.

Alokasyon pou Ranplasman Lojman: Pwogram sa a pral akòde jiska \$10 000 anplis montan FMV y ap reyachte a pou aplikan ki gen yon revni fwaye ki plis pase 80% AMI an.

Toude prim pou ranplasman lojman yo sijè a Lwa Robert T. Stafford la, ki egzije ke yo konsidere fon sa yo kòm avantaj doub. Yo ka sèlman itilize finansman sa a pou achte yon kay ki gen menm jiridiksyon fiskal la. Anplis de sa, aplikan yo ki resevwa asistans sa a dwe demenaje kite plèn inondab la pou y al nan yon zòn ki gen mwens risk. Sou-benefisyè a dwe mentni dokiman ki dekri fason yo te detèmine kantite asistans k ap nesesè ak rezonab. Gade nan Anèks D a pou w jwenn egzanp metòd kalkil DOB yo.

Responsablite Sou-Benefisyè a yo

Responsablite yo

Sou-Benefisyè ki resevwa prim yo dwe aksepte responsablite ki annapre yo:



Konkli yon akò sou-benefisyè ak DEO.

Konfòm a tout kondisyon ak modalite ki nan akò sou-benefisyè a, direktiv Pwogram Reyachte Kay Volontè a yo, *Plan Daksyon an*, Modifikasyon *Plan Daksyon an yo*, ak tout lwa federal, Eta, ak lokal ki aplikab yo.

Satisfè sèy referans yo ki tabli nan akò sou-benefisyè a.

Satisfè oswa depase nòm souskripsyon asirans federal yo. Sou-Benefisyè yo dwe tabli kritè souskripsyon asirans yo ki dwe, ominimòm, konfòm a kritè souskripsyon asirans CDBG-DR ki preskri nan 24 CFR 570.209 la. Yo dwe demontre ke depans pwojè yo rezonab. Yo dwe angaje tout lòt sous finansman oswa otreman ki pa disponib pou aplikan an. Depans pwojè yo dwe baze sou bezwen yo, epi dokimantasyon yo dwe ase pou yo pwouve ke fon CDBG-DR yo p ap ranplase finansman oswa sipò finansye ki pa federal.

Konsevwa ak reyalize yon kanpay sansibilizasyon piblik pou sible mèt kay yo ke Ouragan Irma te ka afekte yo.

Konsevwa yon aplikasyon ak yonn pwosesis aplikasyon pou Pwogram Reyachte Kay Volontè a.

Elabore politik ak pwosedi ki gen ladan, ominimòm, enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon an, egzijans aplikasyon yo, kritè souskripsyon asirans yo, egzijans konfòmite yo, ak metodoloji rapò a.

Elabore politik ak pwosedi pou detekte ak anpeche fwòd, gaspiyaj, ak abi ki dekri fason sou-benefisyè a pral verifiye si enfòmasyon patisipan kòrèk, politik kontwòl ki endike fason ak poukisa y ap fè kontwòl la, frekans kontwòl la, ak ki atik yo pral kontwole yo, epi pwosedi pou refere ka fwòd, gaspiyaj, ak abi yo bay Liy Asistans Fwòd OIG HUD la nan: 1-800-347-3735 oswa hotline@hudig.gov.

Elabore politik ak pwosedi pou egzijans dapre 2CFR Pati 200, Egzijans Administrasyon Inifòm yo, Prensip Depans yo, ak Egzijans Verifikasyon pou Prim Federal yo, jan sa aplikab.

Elabore ak reyalize yon pwosedi pou pote plent epi asire tout plent yo rezoud nan yon delè 15 jou travay apati dat yo te resevwa plent yo.

Elabore ak reyalize yon pwosedi pou fè apèl rekou.

Elabore ak reyalize politik ak pwosedi sibstitisyon epi konkli yon akò sibstitisyon avèk chak aplikan yo finanse.

Elabore ak reyalize politik ak pwosedi pou nenpòt moun ki ka elijib pou asistans dapre Lwa sou Asistans pou Demenajman Inifòm ak Politik Akizisyon Pwopriyete Imobilye 1970 la (URA), jan yo te modifiye I la (49 CFR 24), ak seksyon 104(d) nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974 la, jan yo te modifiye I la (24 CFR 42).

Fè revizyon anviwònmantral yo oswa pran mezi pou revizyon sa yo fèt pa mwayen founisè sèvis anviwònmantral sou kontra yo, ki gen ladan pwopriyete ki te sibi domaj ke gouvènman lokal yo konte achte yo ansanm ak pwopriyete vandè a te jwenn gras a pwogram asistans ranplasman lojman an.

Mete politik ak pwosedi yo ajou nan yon delè apwopriye ak lè DEO mande fè sa a.

Mete deklarasyon ki annapre a nan tout materyèl ak aplikasyon pwogram lan yo:

"Atansyon: Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay HUD gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminel dapre 18 U.S.C. 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729."

Konfòm ak egzijans ki mande pou sou-benefisyè yo pa reyalize okenn aktivite ki nan kad akò yo konkli ak DEO a nan yon fason k ap lakoz yo resevwa avantaj doub yo (DOB) entèdi jan yo defini nan Seksyon 312 Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Apre Katastwòf Robert T. Stafford 1974 la (42 U.S.C. 5155 *et seq.*) ak jan yo dekri nan Lwa Apwopriasyon yo.

Konfòm ak Lwa Davis-Bacon lan (40 U.S.C.A. §§ 276a rive 276a-5) yon obejektif pou prezève estanda salè lokal yo epi pwomouvwa travay onivo lokal.



Tout pwojè k ap chache asistans nan kad fon CDBG-DR aktyèl yo pou Ouragan Irma, ak nenpòt fon alavni pou Ouragan Irma, ke DEO ap bay, pral egzije yo jwenn Otorizasyon Anviwònmanal nan men DEO avan sou-benefisyè ka angaje fon CDBG-DR yo.

Evalye chak aplikan k ap aplike pou sibvansyon pou verifye si yo gen potansyèl DOB yo epi refize nenpòt montan sibvansyon ki ka fè pati avantaj doub sa a.

Bay yon bidjè byen detaye ak mezire depans aktyèl pa rapò ak depans yo prevwa fè chak mwa.

Bay yon kalandriye ki gen tout detay sou reyalizasyon pwogram lan ki konfòm ak etap enpòtan yo dekri nan gid sa a epi rapòte pwogrè aktyèl yo an konparezon ak pwogrè yo te prevwa fè yo chak mwa.

Bay DEO yon rapò chak mwa ki dekri pwogrè yo te fè jiska dat sa a, aktivite yo prevwa fini nan mwa k ap vini yo, ak nenpòt risk oswa pwoblèm yo te idantifye ki ka anpeche yo livre pwojè a. Rapò a dwe gen ladan metrik ki demontre depans reyalizasyon yo te fè jiska dat avèk depans yo prevwa fè yo.

Bay DEO yon rapò chak mwa ki dekri detay finansman sibvansyon yo apwouve an konparezon ak finansman yo vèsè a.

Kontwole konfòmite benefisyè sibvansyon an a kondisyon ak modalite yo ki nan akò sibvansyon an.

Dokimante tout aktivite yo.

Mentni dosye òganize epi rann yo aksesib pou DEO oswa reprezantan li yo lè yo mande.

Konfli Enterè

Yo entèdi tout fonksyonè ak anplwaye eta yo, anplwaye DEO yo, sou-benefisyè DEO yo ak konsiltan ki egzèsè fonksyon ki gen rapò ak aktivite CDBG-DR finanse yo oswa ki nan yon pozisyon pou yo patisipe nan yon pwosesis pou pran desizyon oswa jwenn enfòmasyon entèn konsènan aktivite sa yo, resevwa nenpòt avantaj nan aktivite a swa pou tèt yo oswa pou moun ki gen lyen famiyal oswa lyen biznis avèk yo, pandan dire aktivite a.

Pou objektif seksyon sa a, yo defini "fanmi" pou gen ladan: paran, sa gen ladan bòpè ak bèlmè; granparan, frè ak sè, ki gen ladan bèlsè ak bòfrè; ak timoun yon fonksyonè ki konsène nan kad règleman sou konfli enterè CDBG-DR yo ki nan 24 CFR Seksyon 570.489(h).

Yo ka fè yon eksepsyon nan dispozisyon sou konfli enterè a si yo ta detèmine ke sou-benefisyè a te reponn piblikman a tout enkyetid konfli enterè potansyèl la pwodui yo kòm sadwa epi lè yo fè yon eksepsyon, sa ap sèvi pou plis pwomouvwa objektif Tit I nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974 la ak administrasyon pwogram lan nan yo fason efikas ak pwodiktif. Okenn pati konsène p ap antre nan yon konfli enterè pazavan DEO akòde yo demann pou yo fè eksepsyon an.

Fichye, Dosye, ak Rapò yo

Sou-benefisyè yo pral mentni fichye ak dosye kòrèk sou chak sibvansyon yo ba yo nan kad Pwogram Reyachte Kay Volontè Rekonstwi Florid la, epi yo pral kenbe tout dokiman apwopriye pou sibvansyon an ant HUD ak sou-benefisyè a kòm sadwa. Yo dwe mentni konfòmite annakò ak egzijans rapò yo jan yo dekri nan politik ak pwosedi DEO a yo. Sa gen ladan tout enfòmasyon ak rapò ki obligatwa nan kad kontra DEO genyen ak HUD la ak done demografik ak lòt enfòmasyon yo genyen sou benefisyè yo.

Yo dwe konsève tout dosye ofisyèl yo genyen sou pwogram yo ak aktivite endividyèl yo pou yon peryòd senkan apre dat sibvansyon an te fèmen an. Sou-Benefisyè yo dwe mentni dosye elektwonik pou chak aplikan yo finanse atravè Pwogram Reyachte Kay Volontè a. DEO pral kontwole pratik jesyon dosye sou-benefisyè a yo. Chak dosye dwe gen ladan ominimòm enfòmasyon ki annapre yo:

Verifikasyon elijiblite pwogram lan.

Detèminasyon ke yo te satisfè Objektif Nasyonal la (sa ka LMI oswa Bezwen ljan nan kèk ka epi yo dwe note sa nan chak dosye).



Detèminasyon ak jistifikasyon ke aktivite yo gen rapò ak enpak Ouragan Irma.

Prè ke fon yo p ap ranplase lòt sous finansman yo.

Faktirasyon/prè depans yo fè nan atik yo elijib dapre CDBG-DR.

Kalkil prim lan ak dokiman sipò.

Evalyasyon ak kalkil avantaj doub yo.

Dokiman rekiperasyon sibvansyon an yo.

Otorizasyon anviwònmanal.

Dokiman akò sibvansyon an yo.

Siveyans Asirans Kalite/Kontwòl Kalite (QA/QC).

Apèl Rekou yo, si sa aplikab.

Korespondans, nòt yo.

Dokiman Sipò ak fòmilè yo.

Egzijans Apwovizyonman yo

Sou-benefisyè yo dwe respekte pwosesis Apwovizyonman kòd gouvènman federal ak eta preskri yo jan yo aplikab pou pwogram lan. Pwosesis apwovizyonman gen ladan desizyon pou yo achte ansanm ak desizyon pou yo konplete tranzaksyon acha a. Gouvènman federal la te tabli yon seri règ apwovizyonman nan 2 CFR Part 200.317-326 ki aplike pou pwojè CDBG-DR yo. Règ sa yo an plas pou asire yo depanse lajan federal yo nan fason ekitab epi ankouraje konpetisyon transparan pou pi bon nivo sèvis ak pri. Si ta gen yon konfli ant règleman apwovizyonman federal yo ak règleman lokal yo, y ap swiv règleman ki pi estrik pami yo de a. Menm egzijans apwovizyonman sa yo aplike pou tout sou-benefisyè DEO yo. DEO pral kontwole politik ak pwosedi apwovizyonman sou-benefisyè a yo.

Dwa Sivil yo

Benefisyè fon CDBG-DR yo dwe konfòm ak règleman ak egzijans dwa sivil, lojman ekitab, opòtinite egal, ak opòtinite anplwa egal federal ak Eta a yo. Yo konsevwa lwa sa yo pou asire ke yo trete manm gwoup pwoteje yo nan fason ekitab lè yo evite diskriminasyon, ofri opòtinite egal epi pran mezi pozitif pou korije diskriminasyon tan pase yo ki te baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, peyi orijin, laj, andikap, ak/oswa sitiasyon famiyal.

Tout sou-benefisyè yo dwe konfòm ak egzijans Dwa Sivil yo. DEO pral kontwole aktivite sou-benefisyè a yo pou verifiye konfòmite. Lwa sou Dwa Sivil yo ki aplikab pou pwogram CDBG-DR Florid yo enonse nan lwa ak Dekrè Egzekitif ki annapre yo:

Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la: Lwa sa a deklare ke yo pa dwe anpeche pèsòn patisipe, refize ba yo avantaj pwogram yo, oswa diskrimine kont yo sou baz ras, koulè, oswa peyi orijin yo.

Tit VII Lwa sou Dwa Sivil 1968 la, jan yo te modifiye I la (Lwa sou Lojman Ekitab la): Lwa sa a entèdi diskriminasyon nan zafè ki konsène lojman yo sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, oswa peyi orijin. Li egzije tou pou HUD administre pwogram li yo nan yon fason k ap pwomouvwa lojman ekitab nan fason pozitif.

Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la, jan yo te modifiye I la: Lwa sa a deklare ke yo pa dwe anpeche pèsòn moun ki otreman kalifye, sèlman akòz andikap li a, patisipe (ki gen ladan travay), refize ba yo avantaj pwogram yo, oswa diskrimine kont yo.

Seksyon 109 Lwa sou Lojman ak Devlopman Iben 1974 la, jan yo te modifiye I la: Lwa sa a deklare ke, nan kad okenn pwogram oswa aktivite yo finanse an antye oswa an pati dapre Tit I oswa Tit II lwa a,



(kèlkeswa valè kontra an dola), yo pa dwe anpeche pèsòn patisipe (ki gen ladan travay), refize ba yo avantaj pwogram yo, oswa diskrimine kont yo sou baz ras, koulè, oswa peyi orijin, oswa sèks yo.

Lwa sou Diskriminasyon akòz Laj 1975 la, jan yo te modifye l la: Lwa sa a deklare ke yo pa dwe anpeche pèsòn patisipe, refize ba yo avantaj pwogram yo, oswa diskrimine kont yo.

Dekrè Egzekitif 11063: Lwa sa a deklare ke yo pa dwe diskrimine kont pèsòn sou baz ras, koulè, relijyon, sèks oswa peyi orijin nan zafè lojman (ak etablisman ki lye yo) ki resevwa asistans federal, oswa pratik prè konsènan pratik rezidansyèl yo lè pratik sa yo lye ak prè ke gouvènman federal la asire oswa garanti yo.

Dekrè Egzekitif 11246, jan yo modifye l la: Lwa sa a deklare ke yo pa dwe diskrimine kont pèsòn sou baz ras, koulè, relijyon, sèks oswa peyi orijin nan okenn faz anplwa pandan egzekisyon kontra konstriksyon federal oswa kontra ki resevwa asistans federal ki plis pase \$10 000 yo.

Aksè Egal a Lojman ki Resevwa Asistans oswa Asirans nan men HUD –24 CFR 5.105 (a)(2)(i) ak (ii): Règleman sa a egzije aksè egal a lojman ki nan pwogram HUD yo, kèlkeswa oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, oswa eta sivil.

Chapit 760, Lwa Florid yo: Gen ladan Lwa sou Dwa Sivil Florid yo ak Lwa sou Lwa sou Lojman Ekitab la.

Opòtinite Egal Ego pou Travay

Opòtinite Egal Ego pou Travay se yon fanmi lwa ki entèdi diskriminasyon sou plizyè fòm kont klas moun ki pwoteje yo. Fanmi lwa sa yo gen ladan lwa ki annapre yo:

Tit VII Lwa sou Dwa Sivil 1964 la.

Lwa sou Diskriminasyon akòz Gwosès

Lwa sou Salè Egal 1963.

Lwa sou Diskriminasyon nan Travay akòz Laj 1967 la

Tit I Lwa an Favè Ameriken ki gen Andikap yo.

Seksyon 102 ak 103 Lwa sou Dwa Sivil 1991 lan.

Seksyon 501 ak 505 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la.

Lwa Kont Diskriminasyon akòz Enfòmasyon Jenetik 2008 la.

Sou-Benefisyè yo dwe fè efò pou yo tabli nòm kominotè elve pou yo ka ofri opòtinite egal ego pou travay yo. Sou-Benefisyè yo dwe mentni dosye ki dokimante konfòmite ak egzijans opòtinite egal yo ak egzijans dwa sivil yo. DEO pral kontwòle aktivite sou-benefisyè a yo pou verifye konfòmite.

Seksyon 3

Seksyon 3 fè pati Lwa sou Lojman ak Devlopman Iben 1968 la, jan yo modifye l la. Li deklare ke, nan mezi maksimòm sa posib, yo dwe oryante opòtinite anplwa ak biznis yo anvè moun ki gen revni fèb ak modere yo epi abòde enkyetid biznis ki ofri opòtinite ekonomik pou moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo. Gouvènman lokal yo, espesyalman konte ki resevwa asistans gouvènmantal yo, ka deja gen yon lis vandè Seksyon 3 yo.

Yo ka demontre konfòmite ak Seksyon 3 a nan fason ki annapre yo:

Elabore lis biznis lokal nan metye konstriksyon, sèvis administratif, ak sèvis pwofesyonèl ke minorite yo ak fanm yo posede.



Kontakte asosyasyon minorite posede, fanm posede ak asosyasyon kontraktè yo pou n jwenn enfòmasyon sou konpetans ak kapasite resous yo.

Tabli yon plan daksyon ak objektif pou fason yo pral itilize biznis lokal minorite yo ak fanm yo posede, ki gen ladan opòtinite sou-tretans nan zafè aktivite ki gen rapò ak kontra apwovizyonman ak konstriksyon yo.

Tabli objektif epi pran mezi pou n ofri opòtinite pou envestisman kapital pwòp minorite nan pwojè ki finanse yo.

Avize sosyete minorite yo ak fanm yo posede lè gen opòtinite kontra, ki gen ladan dat Demann pou Pwopozisyon oswa pakè òf yo pral disponib oswa delè Deklarasyon Enterè ak Kalifikasyon yo.

Egzije yon kloz Seksyon 3 Lwa HUD 1968 la nan tout kontra yo.

Dokimantasyon mezi k ap antreprann pou satisfè egzijans Seksyon 3 a yo ak yon Plan Seksyon 3 ki ekri.

Yo egzije gouvènman lokal yo konfòm ak Seksyon 3 pou prim sibvansyon ki omwen \$200 000. Kontraktè oswa sou-tretan yo ki resevwa prim sibvansyon ki plis pase \$100 000 dwe soumèt a egzijans Seksyon 3 yo tou. Egzijans Seksyon 3 yo aplike pou pwojè ki konsène konstriksyon, demolisyon, reyabilitasyon lojman oswa lòt aktivite konstriksyon piblik yo (pa egzanp wout, egou, dlo, sant kominotè yo) epi finisman pwojè sa yo kreye bezwen pou nouvo travay, opòtinite kontra oswa opòtinite fòmasyon. Ni Seksyon 3, ni 24 CFR 135, pa ranplase ni anile egzijans jeneral ki mande pou tout tranzaksyon acha yo fèt nan yon fason konpetitiv. Toutfwa, Seksyon 3 otorize yo konsidere preferans jewografik lè y ap evalye yon òf oswa yon pwopozisyon. Yon moun k ap chache preferans dapre Seksyon 3 a reponsab pou l bay prèv (si yo mande l) ki montre l elijib pou preferans lan. Seksyon 3 a pa egzije yo anboche yon rezidan Seksyon 3 ki pa satisfè kalifikasyon yo pou pòs travay la. Yon biznis Seksyon 3 k ap chache preferans sa a dwe dokimante (si yo mande l) ke li kalifye kòm yon biznis Seksyon 3.

Dosye Piblik yo

Yo defini yon Dosye Piblik kòm tout dokiman, papye, lèt, kat jewografik, liv, anrejistreman, foto, fim, anrejistreman son, lojisyèl tretman done, oswa lòt materyèl, kèlkeswa fòm fizik, karakteristik, oswa mwayen transmisyon yo, ke yo te fè oswa resevwa dapre lwa ak òdonans, oswa an rapò ak tranzaksyon biznis ofisyèl nenpòt ajans te antreprann.

Konfòmman ak Atik 1, Seksyon 24, Konstitisyon Florid la ak Chapit 119, Lwa Florid yo, Depatman Opòtinite Ekonomik lan dwe respekte Lwa sou Dosye Piblik Florid la. Kidonk, amwenske gen yon egzansyon, yo ka mande ak soumèt pou enspeksyon tout dosye yo pwodui oswa resevwa konfòmman ak lwa oswa ki lye ak biznis ofisyèl Depatman an yo. Y ap trete tout Dosye Piblik yo mande yo annakò ak Politik Administratif 1.06 DEO a, Tretman Demann Dosye Piblik yo.

W ap jwenn tout detay direktiv sou demann Dosye Piblik yo nan resous ki annapre yo:

